

Bhaibheri Revana
Kuvapo

Kuberekwa
kwa Jesu



Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: M. Maillot
Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: E. Frischbutter; Sarah S.

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.

Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi,
chero ukasaitengesa.



Kare kare, Mwari akatuma ngirozi
Gabrieri kumusikana wechiJudha
akanaka ainzi Maria. Akamuudza
kuti, "Uchava nomwanakomana,
uye uchamutumidza zita
rokuti Jesu. Achanzi
Mwanakomana.

Achatonga
nokusingaperi."



"Zvingaitika sei izvi?" musikana aishamisika akabvunza. "Handina kana murume." Ngirozi yakaudza Maria kuti mwana aizobva kuna Mwari. Pangadai pasina baba venyama.



Ngirozi yakabva yaudza
Mariya kuti hama yake
Erizabheti akanga ava
nomwana pakukwegura
kwake. Ichi chaiva
chishamiso zvakare.
Pasina nguva, Maria
akashanyira.
Vakarumbidza
Mwari pamwe
chete.



Maria akanga
avimbiswa kuroorwa
nomurume ainzi
Josefa. Josefa
akasuruvara
paakaziva kuti
Mariya akanga ava
nepamuviri.
Aifunga kuti
mumwe murume
aiva baba.



Mukurota, ngirozi yaMwari
yakaudza Josefa kuti mwana uyu
akanga ari Mwanakomana waMwari.
Josefa aifanira kubatsira Mariya
kutarisira Jesu.




Josefa aivimba uye aiteerera Mwari. Aiteererawo
mitemo yenyika yake. Nemhaka yemutemo mutsva,
iye naMariya vakaenda
kuguta rokumusha kwavo,
Bhetrehema,
kunobhadhara

mitero.



Maria akanga agadzirira
kuva nomwana wake.
Asi Josefa haana
kuwana nzvimbo chero
kupi zvako. Dzimba
dzevaenzi dzose
dzakanga
dzakazara.



Josefa akazowana danga. Ikoko, Mucheche Jesu akaberekwa. Mai vake vakamuradzika muchidiro chezvipfuwo, nzvimbo yaiwanzoisirwa zvokudya zvezvipfuwo.



Pedyo, vafudzi vairinda makwai avo akanga akarara. Ngirozi yaMwari yakaoneka ndokuvaudza mashoko anoshamisa.



"Nhasi mazvarirwa muguta raDhavidhi Muponesi
anova Kristu Ishe. Muchawana Mucheche avete
muchidyiwo chezvipfuwo."



Pakarepo, dzimwe ngirozi dzakawanda dzinopenya
dzakaonekwa, dzichirumbidza Mwari
uye dzichiti, "Mwari ngaakudzwe
kumusoro
-soro,



uye panyika
rugare, nokunaka
kuvanhu."



Vafudzi vakamhanyira mudanga.
Mushure mekuona Mwana vakaudza
munhu wese wavakasangana naye
zvakanga zvataurwa nengirozi
pamusoro paJesu.



Mazuva makumi
mana gare gare,
Josefa naMaria
vakaunza Jesu
kutembere
muJerusarema.
Ikoko murume
ainzi Simiyoni
akarumbidza
Mwari nokuda
kwoMwana, ukuwo
mudhara Ana,
mumwe muranda
waShe, akatenda.



Vose vaiziva kuti
Jesu akanga ari
Mwanakomana
waMwari, Muponesi
akavimbiswa.
Josefa akabayira
shiri mbiri. Uyu
ndiwo waiva mupiro
wainzi nevarombo
vaunze kana vauya
nomwana
achangoberekwa
kuna Jehovha.



Imwe nguva gare
gare, nyeredzi
inokosha
yakatungamirira
Vachenjeri
kubva

kunyika yokuMabvazuva
kuenda kuJerusarema.
"Aripi Iye Akazvarwa Mambo
wevaJudha?" Vakabvunza.
"Tinoda kumunamata."



Mambo Herodhi akanzwa
nezveVachenjeri.
Achinetsika,
akavakumbira kuti
vamuudze kana vawana
Jesu. "Neni ndinoda
kumunamata," Herodhi
akati. Asi ainyepa.
Herodhi aida kuuraya
Jesu.





Nyeredzi yakatungamirira Vachenjeri kuenda kuimba chaiyo yaigara Maria naJosefa neMwana mudiki. Vapfugama vachinamata, vafambi vakapa Jesu zvipo zvakapfuma zvendarama nepefiyumu.



Mwari akayambira Vachenjeri
kuti vadzokere kumusha
chinyararire. Herodhi
akatsamwa. Atsunga
kuparadza Jesu, mutongi
akaipa akauraya vakomana

vose
vaiva




muBhetrehema.



Asi Herodhi haana
kukwanisa Mwanakomana
waMwari! Muchiroto,
Josefa akatora Maria
naJesu ndokuenda navo
kuEgipita.



Pakafa Herodhi
Josefa akaunza
Maria na Jesu kubva
ku Egipita.



Vaigara mutaundi duku
re Nazareta, pedyo negungwa re Garireya.



Kuberekwa kwaJesu

Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Mateo 1-2, Ruka 1-2

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."

Pisarema 119:130



Magumo



Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari wedu anoshamisa akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza. Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita! Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu wokufira zvivi zvangu, uye zvino mava kurarama zvakare. Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16

